Ташкент қаласында биринши қойылған ўақытта дәслеп биринши перде ашылыўдан атақлы жәдид зиялысы Мунаварқори Абдурашидхонов қысқаша ўаз оқып, театрдың ибрат алатуғын орын, яғный «ибратхана», «ибрат мектеби» екенлигин, оған жеңил-желпи қараўға болмайтуғынлығын, бул жердиң мәдeният орны екенлигин ескертеди, актёрларды болса халыққа руўхый азық бериўшилер деп тәриплеп, бул үлкен мәдений ўақыя менен ҳәммени қутлықлайды. Афишадан көриниўинше, тамаша Ташкенттиң таза қаласында 2000 адамлық «Колизей» театрында кешки саат жетиде басланған. Тамаша үш бөлимнен ибарат болып, бириншиси М.Беҳбудийдиң «Падаркуш» спектаклин қойыў, екинши бөлимде Азербайжан актёрларының атқарыўында «Хор-хор» күлки тамашасы, үшинши бөлимде сегиз қосықтан ибарат концерт бағдарламасы болып, кейин А.Авлонийдиң авторлығындағы «Түркстан фарёди» ҳәм «Той» деп аталатуғын қосықлардың хор болып айтылыўы менен жуўмақланған. А.Авлоний, А.Хужаев, А.Зиёбаев ҳәм т.б. жәдид ағартыўшылары бул пьесада бас рольлерди ойнаған. Бул «Падаркуш» спектаклиниң қойылыўы сол дәўирде айта жүргендей мәдений ўақыя болып, баспасөз бетлеринде бул ўақыяға кеңнен тоқталып, унамлы баҳалар берилген. Улыўма, Түркстанда миллий драматургияның раўажланыўы, театрдың пайда болыўы усы «Падаркуш» пьесасын сахналастырыўдан басланған. А.Авлоний, А.Қодирий, Ҳ.Ҳ.Ниязий А.Фитрат, Шолпан ҳәм т.б. кейинала миллий драматургияның көрнекли ўәкиллери болып жетилисти.

Атақлы жәдид ағартыўшысы А.Авлоний бириншилерден болып өзиниң «Туран» театр труппасын дүзген. Ол бул труппа ушын пьесалар, интермедиялар жазған ҳәм узақ ўақыт рольлерде өзи ойнаған.

Ол «Адвокатлық аңсат па», «Пинак», «Биз ҳәм Сиз», «Партугалия революциясы» ҳәм т.б драмалық шығармаларын дөретти. Деген менен, ол дәўирде патша ҳүкиметиниң цензурасы жүдә қатаң болып, пьеса сценарийин, онда айтылатуғын ҳәр бир сөзди алдын ала тексертип, рухсат алыў зәрүр болған. Ҳәттеки, ҳәр бир пьесаның афишасы «Ҳәкимлердиң рухсаты менен» деген сөзлер менен басланар еди [1:125].

Жәдидши шайыр Абдирауф Фитрат «Абулфайзхан», «Шайтанның тәңриге қарсы көтерилиси», «Арыслан» драмалық шығармаларын жазды [3:86].

Жәдидшилер ағымының және бир ўәкили Ҳамза Ҳәкимзада Ниязий Ферғанада жас ҳәўескерлерди топлап, «Көшпели драмтруппа» шөлкемлестиреди. 1918-жылдың өзинде-ақ «Бай ҳәм хызметши», «Жалағөйлер жазасы», «Ким туўры», «Зәҳәрли өмир» драмалық шығармаларын жазады ҳәм бул пьесалар Ҳамзаның режиссёрлығында сахнаға қойылады. Соң ол «Жер реформасы», «Бурынғы сайлаўлар», «Сайлаў алды», «Пәренжи сырларынан бир көринис» атлы драмалық шығармаларын жазды [2:323].

Қарақалпақстанлы белгили жәдидшилик ўәкили, шайыр ҳәм ағартыўшы Сейфулғабит Мәжитов бир неше романлар, балалар ушын қосықлар, гүрриңлер жазыў менен бирге «Бағдагүл», «Сабақ», «Жигит болдық», «Ақсақал», «Соңғы селтең», «Ерназар Алакөз», «Тазагүл» сыяқлы драмалық шығармалар дөреткен. Ол қарақалпақ халқының көп ғана нама ҳәм қосықларынан бала оқытыўда пайдаланып, көп қосықларды өзи дуўтарда атқарған. Өзиниң «Бағдагүл» пьесасын жазыўда халық намалары болған «Адыңнан», «Муқаллес», «Бес перде», «Оҳ, назлы яр», «Бозатаў», «Муңлы қыз», «Дад әлиңнен» ҳәм т.б намаларға түсетуғын етип қосықлар жазған. Филология илимлериниң докторы Қырқбай Байниязовтың жазыўынша, С.Мәжитов жасаған Қоңырат қаласында сол дәўирде жигирмалаған татар миллетинен болған хожалықлар бир көше болып жасаған. Жергиликли халық бул көшени «Ноғай көшеси» деп атаған. Олар татар, рус мәдениятынан, әдебиятынан хабардар болып, татар тилинде спектакльлер, интермедиялар сахналастырған. Бул спектакльлер қарақалпақ халқының мәдений турмысында үлкен жаңалық болып, жергиликли адамлар оны «Хожалық ойыны» деп атаған. С.Мәжитов татар жигитлери менен бирге бул мәдений илажларға белсене қатнасқан [4:5].

Сол дәўирде Қоңырат қаласында жасаған Әбдираман Өтеповтың да кейинала белгили драматург, режиссёр болып жетилисиўинде бул «хожалық ойынларының» тәсири болған болыўы мүмкин.

1925-жылы Төрткүл қаласындағы педагогикалық техникумының оқытыўшысы З.Ф.Қасымов тәрепинен студентлердиң күши менен «Таң нуры» биринши қарақалпақ миллий труппасы шөлкемлестирилди. Бул труппаның қойған дәслепки спектакльлери қарақалпақ драматургиясының баслаўшылары С.Мәжитов, Қ.Әўезов, Ә.Өтеповлар тәрепинен жазылған шығармалар болды.

Бул «Таң нуры» труппасы базасында 1927-жылы Ә.Өтеповтың басқарыўында бирден-бир областьлық миллий труппаның шөлкемлестирилиўи, 1930-жылы декабрь айында директоры Ә.Өтепов болған биринши Қарақалпақ мәмлекетлик театрының ашылыўы республикамыз турмысында әҳмийетли ўақыя болды ҳәм қарақалпақ миллий театр өнериниң раўажланыўына тийкар салды [5:262].

Солай етип, Түркстанда театр, драматургия жәдидшилик ҳәрекетиниң әҳмийетли буўыны сыпатында дүньяға келди ҳәм ағартыўшылықты, миллий мәдениятты, әдебиятты раўажландырыў жолында хызмет етти.

**Әдебиятлар**


1. Жадидчилик: ислоҳот, янгиланиш, мустақиллик ва тараққиёт учун кураш. –Тошкент: «Университет», 1999, 119-б.
2. Хошимова К. Педагогика тарихи. –Тошкент: «Ўқитувчи», 1996, 448-б.
3. Зуннунова А. Педагогика тарихи. -Тошкент, «Шарқ», 2002, 192-б.
4. Мажитов С. Шығармалары. -Нөкис: «Қарақалпақстан» 1992, 200-б.
5. Қарақалпақстан АССР тарийхы. II-том, -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1977, 558-б.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада Туркистон жадидчи–зиёлиларнинг мактаб-моариф ишларини ислоҳ қилиш ва маърифат парварликнинг яна бир ёрқин ифодаси булган миллий театр саънатига асос солишдаги фаолияти ҳақида сўз боради.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматривается роль жадидской интеллигенции Туркестана в реформировании деятельности образовательных учреждений и школ в создании национального театрального искусства как части просветительской работы.

**SUMMARY**

The article is devoted to the role of the djaded intelligence of Turkistan in reforming the activities of educational establishments and schools in the creation of national art theatre as a part of the enlightening work.


## ХОР ҲӘМ ХОРТАНЫЎ ПӘНИН ОҚЫТЫЎДЫ ЗАМАНАГӨЙ ПЕДАГОГИКАЛЫҚ ТЕХНОЛОГИЯ ҲӘМ ИНТЕРАКТИВ УСЫЛЛАР ТИЙКАРЫНДА ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЎ


**С.М.Тажетдинова –** *доцент*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар:** хор, партия, дирижёрлик, интонация, ўлчов, ансамбль.

**Ключевые слова:** хор, партия, дирижирование, интонация, размер, ансамбль.

**Key words:** choir, party, director, intonation, scale, ensemble, key note, diapason(range).


Өзбекстан Республикасының Биринши Президенти И.А.Каримов өз мийнетинде: «Оқыў процесине алдыңғы педагогикалық ҳәм хабар технологияларды кең түрде ендириў, жасларымызды кәмил инсанлар етип тәрбиялаўда пидайы оқытыўшы ҳәм устазларға дыққат – итибарымызды қаратыў, қысқаша етип айтқанда, тәлим – тәрбия системасын сыпат жағынан пүткиллей жаңа басқышқа көтериў дыққатымыз орайында болыўы дәркар» - деген еди [1].

Президентимиздиң 2011–жылы 20–майдағы «Жоқары оқыў орынларының материаллық – техникалық базасын беккемлеў ҳәм жоқары тәжирийбеге ийе қәнигелерди таярлаў сыпатын түптен жақсылаў ис – илажлары ҳаққында»ғы қарары мәмлекетимизде билимлендириў системасын илимий тийкарда шөлкемлестирип, оның сыпат дәрежесин арттырыў мақсетинде заманагөй педагогикалық технологияны оқыў барысына енгизиў бойынша бир қанша

ис илажлардың ислеп шығылып, әмелиятқа енгизилиўин тәмийинледи.

Мәмлекетлик билимлендириў стандартлары тийкарында қәлиплестирилген билимлендириў системасы барысын заманагөй педагогикалық технология тийкарында шөлкемлестириўде жоқары билимлендириў системасында ислеўши педагоглар бүгинги күнде бир қанша педагогикалық усылларды қолланып дәстүрий емес сабақларды шөлкемлестирмекте. Буның тийкарында қәниге педагог-кадрлар ҳәр бир пәнди оқытыўда заманагөй педагогикалық технология усылларынан орынлы түрде пайдаланса, талабалардың пәнди өзлестириў дәрежеси күтилген нәтийжеге ерисиледи.

Хор ҳәм хортаныў пәнин өтиўде талабаларға хор шығарманы үйретиўде заманагөй педагогикалық технология усылларынан ҳәм интерактив усыллардан пайдаланыўда өз ис тәжирийбемде сыналып сыпатлы нәтийже берген «Төрт басқышлы» усылды ҳәм интерактив усыллардан «Киши топарларда ислеў» усылын қолланыўды усыныс етемен. Бул усыллар «Хор ҳәм хортаныў» пәнинде хор шығарманы атқарыўды талабаларға үйретиўде күтилетуғын нәтийжени береди. «Хор ҳәм хортаныў» пәнин оқытыўда заманагөй педагогикалық технологиядан «Төрт басқышлы» усыл ҳәм интерактив усылдан «Киши топарларда ислеў» усылларын сабақ процесинде қолланып, тәжирийбеде сынап көрилди.

«Төрт басқышлы» усыл – бул хор көркем өнери бойынша алған билимлерди, әмелий көнликпелерди өзлестириўде төрт басқыш шеңберинде алып барылатуғын усыл болып есапланады. Бул усыл тийкарынан, талабаларға пән бойынша бир түрдеги тәкирарланатуғын билим ҳәм көнликпелерин тез ўақыт ишинде ҳәм ҳәр тәреплеме терең үйренип алыўына жәрдем береди.

«Төрт басқышлы» усылды қолланыў барысында талабалар көбинесе әпиўайы операциялар менен таныстырылады, соң оны тәкирарлап барады ҳәм хор шығарманы терең өзлестирмегенше оны атқарыў ушын талабада көнликпе пайда болмағанша үйренилип барылады. Бул усылды қолланыў төмендеги басқышларда алып барылады:

- түсиндириў басқышы;
- не ислеў кереклигин көрсетип бериў басқышы;
- көрсетип берилгендей етип тәкирарлап айтып бериў басқышы;
- атқарыў басқышы.

Биринши басқыш «Түсиндириў» басқышында педагог талабаларға хор шығармасын қалай атқарыў кереклигин, оның мазмунын, қандай өлшемде жазылғанын ҳәм бул өлшем нешеге дирижёрлық етилиўи кереклигин, хор шығармасының қайсы тонлықта жазылғанын, қайсы хор партиясында ең баслы тема бар екенлигин анықлап, бул шығарманың атқарыў өзгешелигин мысаллар менен көрсетип, хор даўыслары ҳәм оның даўыс диапазонлары ҳаққында түсиндирип бериледи.

Екинши басқыш «Не ислеў кереклигин көрсетип бериў» басқышында педагог талабаларға берилген хор шығарманы қәйтип атқарыў кереклигин әмелде көрсетип ҳәр бир хор партиясын фортепиано саз әспабында шертип өзи даўысы менен атқарыў қағыйдаларын көрсетип береди.

Үшинши басқыш «Көрсетип берилгендей етип тәкирарлап айтып бериў» басқышында талабалар педагогтың көрсеткен ис - ҳәрекетин, атқарыў жолларын тәкирарлайды. Бул басқышта талабалар хор шығарманы педагогтың үйреткениндей етип таза интонацияда өзиниң жазылған тонлығында мазмунлы етип атқарып береди. Бул жерде педагог талабаның хор шығарманы атқарыў барысында дурыс емес атқарған жерлерин өзи атқарып көрсетип оның қәте атқарған ноталарын дүзетип барады.

Төртинши басқыш «Атқарыў» басқышында педагог тәрепинен талабалардың хор шығарманы қай дәрежеде таза интонацияда атқарыўы қадағаланып барылады. Талабалар бул басқышта хор шығарманы әмелий жақтан ҳәр тәреплеме үйренип өзлестиргеннен соң хор шығарманы өзлери өз бетинше әмелде атқара алыў дәрежесине жетиседи. Нәтийжеде, талабалар бул хор шығарманы атқарыўды үйрениў бойынша ийелеген билимин көнликпеге айландырған болады.

Хор ҳәм хортаныў пәнин оқытыўда хор шығарманы талабалардың қай дәрежеде өзлестиргенин билиўде ҳәм оларды баҳалаўда интерактив усылдың бир түри «Киши топарларда ислеў» усылынан пайдаланылса тез ҳәм жақсы нәтийжеге ерисиледи. Бундағы мақсет талабалардың белсенди ҳәрекет етиўин тәмийинлеў нәтийжесинде оларды киши топарларға бөлип, оқыў материалын үйретиў ямаса берилген тапсырманы олардың қай дәрежеде орынлағанлығын анықлап баҳалаўды тәмийинлеўден ибарат. Бул усылдың басқышлары төмендегише алып барылады:

Биринши басқышта хор шығармасы таңлап алынады ҳәм хор даўысларына бөлинеди;

Екинши басқышта талабаларды киши топарларға бөледи ҳәм оларға тапсырмалар бериледи. Хор шығармасының партияларын топар талабаларына атқарыў ушын бөлип бериледи. Бунда киши топар ағзалары хор шығармасын даўысларға бөлинип атқарады. Топар ағзаларында егер хор шығармасы еки даўыстан ибарат болса жоқарғы ҳәм төменги даўыслар 2-4 талабадан, ал егер хор шығармасы төрт даўыслы етип жазылған болса жоқарғы ҳәм төменги даўыслардың бөлиниўи 4-8 талабадан ибарат болады;

Үшинши басқышта педагог талабаларға хор шығарманы атқарыў барысында анық көрсетпелер берип оларды дурыс бағдарлап турады;

Төртинши басқышта киши топар ағзалары берилген хор шығарманы атқарып береди;

Бесинши басқышта берилген тапсырманың орынланыў дәрежеси талқыланады. Талабалардың хор шығарманы қай дәрежеде атқарыўы анықланады;

Алтыншы басқышта ҳәр бир киши топар баҳаланады. Бул басқышта ҳәр бир киши топар ағзасының хор шығарманы атқарыў дәрежеси баҳаланып рейтинг балл қойылады.

Педагог бул усылды қолланғанда басқа интерактив усылларға қарағанда ўақытты үнемлейди, тез ўақыттың ишинде даўысқа бөлинген талабалардың барлығын дерлик баҳалап үлгереди. Себеби, бул усылда талабалардың барлық дыққаты темаға яғный атқарыў ушын берилген хор шығармасына қаратылған болады.

Жуўмақлап айтқанда, бүгинги күн талап дәрежесинде заманагөй педагогикалық технология усылларынан ҳәм интерактив усыллардан хор ҳәм хортаныў пәнин оқытыўда хор шығармасын үйретиў барысында пайдаланылса күтилген нәтийжелерге ерисиледи. Соның менен бирге талабалар бир жәмәәт болып ислесиўге, биргеликте ислесиўде белсене қатнасыў сыяқлы жақсы пазыйлетлерге ийе болады, көпшилик болып атқарыўда бир – биреўди тыңлап билиўге, орталықта өзине берилген тапсырманы қәтесиз булжытпай орынлаўға үйренеди ҳәм ҳәр тәреплеме тәрбияланады, жәмәәт алдында жуўапкершиликти сезинеди, басқа даўысларды еситип өзиниң даўыс партиясында таза интонацияда ансамбль болып атқарыў дәрежесине ерисиледи. Буның нәтийжесинде, талабалар «Хор ҳәм хортаныў» пәнинде өтилген ҳәр бир хор шығармасын тез ҳәм таза интонацияда айтылыўын өзлестириў менен бирге хор шығармасын тыңлаўшыларға өз мазмунында жеткерип бериў дәрежесинде атқарыў мәдениятын ийелейди.

**Әдебиятлар**


1. Қаримов И.А. Юксак маънавият – енгилмас куч. – Т.: “Маънавият”, 2008.
2. Ўзбекистон Республикасининг кадрлар тайёрлаш миллий дастури. “Баркамол авлод – Ўзбекистон тараққиётининг пойдевори”, - Т.: “Шарқ”, 1998.
3. Толипов Ў.Қ., Усмонбаева М. Педагогик технологияларнинг татбиқий асослари. –Т.: “Фан”, 2006.
4. Мухитдинова Р.Н. “Хоршунослик асослари”. – Т.: ТДПУ. 2012.



**РЕЗЮМЕ**

Мақола Хор ва хоршунослик фанини ўқитиш жараёнида замонавий педагогик технология усулларидан, айнан, замонимизнинг энг янги ўқитиш усули ҳисобланган “Тўрт поғонали усул” ва “Кичик гуруҳларда ишлаш” интерактив усулларидан фойдаланиб ўтишнинг йўл – йўриқларини очиб беришга бағишланган

**РЕЗЮМЕ**

Статья посвящается раскрытию методики преподавания современных педагогических направлений “Метод четырёх ступеней” и использования новых интерактивных методов “Работа в малых группах” в процессе преподавания дисциплины «Хор и хороведение».

**SUMMARY**

The article deals with the description of methods of teaching modern pedagogical direction “Method of four degrees” and using new interactive methods “Work in mini-groups” in the process of teaching discipline of choirs.